

Denonse agresè yo, kèlkanswa pozisyon yo nan sosyete a !

Lit feminis yo pèmèt leve vwal sou koze vyolans sou fanm nan. Pou eseye mete baboukèt, atak pa sispann fèt sou òganizasyon feminis k ap defann kòz la, epi sou fanm ki oze denonse zak vyolans yo sibi. Atak sa yo patikilyèman fewòs lè denonsyasyon yo konsène yon nèg ki nan pozisyon pouvwa.

Misyè Pradel Henriquez, minis Kilti a, rantre aklè nan kolonn sila k ap chache fèmen bouch fanm yo. Nan yon tèks li pibliye 12 septanm sou paj Fesbuk li¹, minis la defann yon prezime agresè, zanmi ak kolèg li, Misyè Dangelo Néard ki se Direktè jeneral Bibliyotèk nasyonal. Minis la ta vle fè denonsyatis yo pase pou yon « *laboratwa fanm k ap fabrike akizasyon vyòl* », epi ki gen nan men li « *lajan pou finance fo temwayaj vyòl* ». Minis la pran pòz Jij entriksyon li pou dekrete se yon konplo « *delenkant, kriminèl* » mare, epi li mande pou lapolis jidisyè « *demantle gang fosè* » sa a.

Ak vye atak matchis ak antifeminis li yo, minis la konprann li kapab manyen kredibilite òganizasyon feminis yo. Li panse tou li kapab entimide epi dekouraje fanm denonse agresè yo. Gen lè minis Kilti a pa konnen se depi sou lokipasyon meriken (1915-1934) gen mobilizasyon kont vyolans sou fanm ann Ayiti. Depi lè mouvman feminis lan reboujonnen an 1986, li pa sispann fè kanpay kont vyolans sou fanm. Epi an 1994, Ayiti ratifye Konvansyon Belèm Do Parà kont vyolans sou fanm. Mete sou sa, minis la ta vle fè kòmisi pa gen pi plis fanm k ap ranmase kouraj yo pou denonse piblikman agresè yo, kèlkanswa moun li ye a.

Sila k ap vyole dwa fanm yo ekziste nan tout milye. Orijin sosyal yon agresè oswa relasyon li ak yon otorite politik pa ka pran an konsiderasyon, e sitou sa pa ka wete dwa fanm genyen pou denonse yo.

Malgre vye atak malfezan yo, feminis yo rete detèmine pou kontinye lite kont vyolans seksis ak seksyèl, kont maskilinite toksik, epi pou yo kontinye solidè ak fanm ki sibi vyolans. Kwape baboukèt nan zafè vyolans fanm ap sibi nan men gason, espesyalman vyolans seksyèl yo, se yon koze ki esansyèl nan batay pou fè respekte diyite fanm.

14 septanm 2020

Pou otantifikasyon : Danièle Magloire, Pòtpawòl Kay Fanm

Contact : admin@kayfanm.org // Telefòn: 34 33 78 32 - 33 35 73 70

Signatèz yo :

1. Kay Fanm
2. SOFA - Solidarite fanm ayisyèn
3. Fanm Deside
4. AFASDA – Asosyasyon fanm solèy d Ayiti
5. REFRAKA - Rezo Fanm nan radyo kominotè ayisyen
6. GADES - Groupe d'appui au développement du Sud
7. Fanm Yo La
8. Fondation Toya
9. Nègès Mawon
10. Sabine Manigat, feminis endepandant

Lòt pèsonalite ak gwoup ki apiye pozisyon an : Kettly Mars, ekrivèn ; Evelyne Trouillot, ekrivèn ; Antoinette Duclair, jounalis feminis, òganizasyon feminis Marijàn.

¹ « Accusation de viol : Je condamne les attaques contre Dangelo Néard et je dénonce ce nouveau laboratoire de femmes sans scrupule qui fabrique des accusations de viol ».